

Aplikasyon règleman yo

Itilize kay ilegalman pou bay plizyè fanmi rete ladan yo afekte valè pwopriyete yo epi li akablan pou sèvis Konte yo. Si yo detèmine moun itilize kay ilegalman pou bay plizyè fanmi rete ladann, se yon Vyolasyon Kòd Òdonans Konte Miami Dade (Miami-Dade County Code of Ordinances) kidonk yap bay yon kontravansyon san pèdi tan konfòmeman ak Chapit 8CC Kòd Òdonans Konte Miami Dade.

Montan Kontravansyon	
Premye Ofans	Ofans Annapre yo
\$510	\$1,010

Penalite yo akimile lèfini yo ka plase yon dwa re-tansyon sou pwopriyete a, si yo pa peye amann yo, frè aplikasyon règleman yo, ak frè administratif yo e/oswa si yo pa rektifye vyolasyon an.

Lè moun kap evalye pwopriyete a (Property Appraiser) fin verifiye si w itilize kay la pou plizyè fanmi rete ladann, li ka re-egzamine epi evalye enpolokatif retwo-aktivman jiska 3 zan konfòmman a Seksyon 29-5.1.

Yo ka akòde tan adisyonèl pou konfòme a règleman an nan Avètisman Koutwazi yo. Tanpri Kontakte biwo Règleman Katye a (Neighborhood Regulations) pou mande pou yon ekstansyon.

Depatman Resous Ekonomik ak Règleman Miami-Dade (Miami-Dade Regulatory and Economic Resources Department) angaje l pou l bay piblik la sèvis, pou l fè sa, li asire l gen konfòmite anplas pou tout kòd ak règleman aplikab yo, defason pou kenbe tout katye yo san danje e pou amelyore kalite vi kominote a.

Pou enfòmasyon adisyonèl sou itilizasyon ilegal pou kay plizyè fanmi ...

- Rele Divizyon Règleman Katye a (Neighborhood Regulations Division) nan (786) 315-2552
- Rele nan 3-1-1 pou Sant Repons Konte Miami-Dade la
- Ale sou sit Entènèt la nan www.miamidade.gov/building

Pou rapòte nenpòt vyolasyon nan kòd katye a, tanpri, rele nan 3-1-1 oswa ekri yon lèt epi voye l pa imèl nan 311@miamidade.gov.

Bwochi sa a se yon gid jeneral li ye e li pa gen priorite sou Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la.



Carlos A. Gimenez, Majistra

ASANBLE KOMISYONÈ KONTE

Jean Monestime, Prezidan; Esteban Bovo, Jr., Vis Prezidan;
Barbara J. Jordan, Distrik 1; Jean Monestime, Distrik 2;
Audrey M. Edmonson, Distrik 3; Sally A. Heyman, Distrik 4;
Bruno A. Barreiro, Distrik 5; Rebeca Sosa, Distrik 6; Xavier L. Suarez,
Distrik 7; Daniella Levine Cava, Distrik 8; Dennis C. Moss, Distrik 9;
Sen. Javier D. Souto, Distrik 10; Juan C. Zapata, Distrik 11;
José "Pepe" Díaz, Distrik 12; Esteban Bovo, Jr., Distrik 13

Harvey Ruvin, Grefye Tribinal yo; Pedro J. Garcia, Evalyatè Pwopriyete;
Robert A. Cuevas Jr., Avoka Konte

Konte Miami-Dade bay aksè egal ak opòtinite egal nan anplwa ak nan sèvis e li pa diskrimine poutèt andikap.


"Se règleman Konte Miami-Dade pou l konfòme l a tout ekzijans Lwa ki konsène Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act)."

DEPATMAN RESOUS EKONOMIK AK RÈGLEMANTÈ

Konfòmite a Kòd Komen Defi pou Pwopriyete Rezidansyèl nan Konte Miami-Dade ki pa enkòpore



NEIGHBORHOOD REGULATIONS
11805 SW 26th Street, Suite 230
Miami, FL 33175-2464
Lendi - Vandredi
7:30 am – 4:00 pm
Esepte jou fèt



Kisa ki itilizasyon ilegal kay plizyè fanmi?

Se lè w divize yon rezidans ilegalman an plizyè pati pou lwe (tankou apatman, chanm kay, oswa estidyò) odela de sa lwa yo otorize pou distrik zòn kote pwopriyete a ye.

Si yo ban m kontravansyon poutèt mwen itilize kay la ilegalman pou plizyè fanmi, kijan m ka konteste kontravansyon yo ban mwen an?

Pran yon randevou avèk Ofisyè ki responsab Konfòmite nan Katye a (Neighborhood Compliance Officer) e ki te bay kontravansyon an, pou l vin enspekte anndan kay la.

Epitou ou ka soumèt yon rapò enspeksyon ajou, ki siyen e ki sele e ke yon Achitèk oswa Enjenyè ki Anrejistre e ki gen Lisans nan leta Florid te prepare, pou konfime tout pyès nan kay la konekte tankou

yon kay ki ka pran yon fanmi e ke estrikti prensipal la pat modifye. Epitou, se pou rapò a montre ke yo itilize kèlkeswa akseswa ki nan estrikti a jan yo apwouve l e non pa kòm inite abitab. Mèt pwopriyete a fèt pou l soumèt dokiman sa yo avèk yon afidavi notarye ki deklare ke li antre ni kay la pou yon sèl fanmi viv ladann.

Metsouli, ou ka fè yon demann dapèl devan Grefye Tribinal la, poutèt kontravansyon yo bay la.

Ki prèv yo itilize pou konnen yo itilize kay la pou plizyè fanmi rete ladann?

Prèv a premye vi oswa prèv yo jwenn nan enspekte anndan ak deyò kay la. Men sa ki konstitye prèv a premye vi:

- ✓ Lè gen plis ke yon kote pou fè manje nan estrikti prensipal la.
- ✓ Tout kote moun ka rete pa konekte.
- ✓ Yon pòt ki bay sou deyò san pèmi.
- ✓ Yon bilding ki detache san otorizasyon ki gen èkondisyone, kote pou moun fè manje anndan an, kontè sèvis piblik ak/oswa tank gaz pwopàn.
- ✓ Plizyè espas ki make plizyè kote pou pake machin.
- ✓ Lè gen plis ke yon adrès oswa plis ke yon nimewo inite ki afiche nan lokal la.
- ✓ Lè gen de (2) oswa plis kontè elektrisite, dlo, gaz oswa lòt kalite kontè pou sèvis piblik.
- ✓ Lè gen de (2) oswa plis bwatalèt.

Antanke mèt pwopriyete a, kisa m ka fè pou m pa pran kontravansyon pou itilize kay ilegalman pou bay plizyè fanmi rete ladann?

Toujou mande ki pèmi ou bezwen pran nan men Depatman Resous Ekonomik ak Règlemanntè (Department of Regulatory and Economic Resources) anvan w kòmanse kèlkeswa konstriksyon oswa reparasyon lakay ou.

Anvan w achte yon kay, ou fèt pou verifye pèmi konstriksyon yo ak verifye enfòmasyon sou kòd lalwa pou moun respekte. Ou ka chèche enfòmasyon sa a gratis sou Entènèt la nan www.miamidade.gov/building oswa si w mande Depatman an pou l fè rechèch la pou ou, ou pral gen pou peye yon frè epi wap gen pou ranpli yon fòm pou mande yo fè rechèch sou kòd lalwa moun dwe respekte a (Enforcement Research Request Form), ki disponib tou sou Entènèt la nan www.miamidade.gov/building. Rechèch sou kòd lalwa pou respekte yo ap limite rechèch yo asavwa:

- ✗ Vyolasyon Estrikti ki pa gen Sekirite
- ✗ Vyolasyon Travay san Pèmi
- ✗ Vyolasyon Pèmi ki Ekspire
- ✗ Vyolasyon sou Konfòmite Katye
- ✗ Dwa retansyon yo anrejistre pou vyolasyon ki make anlè yo
- ✗ Dwa retansyon sou Lisans Kontraktè

Al gade nan Seksyon 33-20.1 .1 nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade